# REŃLI SÚWRETTE REŃLERDIŃ ADAM PSIXOLOGIYASÍNA TÁSIRI HÁM STUDENTLER DÓRETIWSHILIGINDE INDIVIDUAL KÓRKEM USILDIŃ QÁLIPLESIWI

**Maxambetniyazov Nurmuxammed**
Berdaq atındağı QMU "Reńlisúwret hám ámeliy kórkem óner" kafedrası
Reńli súwret: (dáskekli) qániygeligi 2-kurs studenti
https://doi.org/10.5281/zenodo.20828473

***Qaraqalpaqsha.*** *Maqalada reńli súwret sabaqlarında reńlerdiń adam psixologiyasına visual hám emociyalıq tásiri, kórkemlik simvolikası hám olardıń joqarı oqıw orınları kórkem - óner bağdarı studentleriniń jeke (individual) kórkem usılın qáliplestiriwdegi ornı tahlil etiledi.*

*2-kurs studentleriniń dóretiwshilik jumıslarında reńlik palitranı maqsetli tańlaw arqalı óz jollın hám avtorlıq usılın tabıw mashqalaları metodikalıq jaqtan úyrenilgen.*

***Qaraqalpaqsha:*** *reńli súwret, reń psixologiyası, kolorit, individual kórkem usıl, estetikalıq tásir, student dóretiwshiligi, emociyalıq reń, kórkem - óner pedagogikası.*

# ВЛИЯНИЕ ЦВЕТА НА ПСИХОЛОГИЮ ЧЕЛОВЕКА В ЖИВОПИСИ И ФОРМИРОВАНИЕ ИНДИВИДУАЛЬНОГО ХУДОЖЕСТВЕННОГО СТИЛЯ В РАБОТАХ СТУДЕНТОВ

***Russha.*** *В статье анализируются визуальное и эмоциональное влияние цвета на психологию человека на занятиях по живописи, художественная символика и их роль в формировании индивидуального художественного стиля студентов творческих направлений высших учебных заведений. Методически изучены проблемы поиска собственного пути и авторского почерка студентов 2-го курса в их творческих работах посредством целевого выбора цветовой палитры.*

***Russha:*** *живопись, психология цвета, колорит, индивидуальный художественный стиль, эстетическое воздействие, творчество студентов, эмоциональный цвет, художественная педагогика.*

# THE INFLUENCE OF COLOR ON HUMAN PSYCHOLOGY IN PAINTING AND THE FORMATION OF INDIVIDUAL ARTISTIC STYLE IN STUDENTS' WORKS

***Inglisshe.*** *The article analyzes the visual and emotional influence of color on human psychology in painting classes, artistic symbolism, and their role in shaping the individual artistic style of fine arts students in higher education institutions. The challenges faced by second-year students in finding their own path and authorial signature in their creative works through the purposeful selection of a color palette are studied from a methodological perspective.*

***Inglisshe:*** *painting, color psychology, color palette, individual artistic style, aesthetic impact, student creativity, emotional color, art pedagogy.*

## KIRISIW

Súwretlew ónerinıń, ásirese reńli súwret bağdarınıń eń tásirsheń hám dynamic qurali - bul reń bolıp tabıladı. Reń tek ğana obyektiv dúnyadağı predmetlerdiń fizikalıq túsiniń sáwlesi emes, bálki adam sezimlerine, emociyonal jağdayına hám psixologiyasına tikiley tásir etiwshi qudratlı

kórkemlik tilidir. Joqarı kórkem - pedagogikalıq oqıw orınlarında 2-kurs dáwiri studenttiń akademiyalıq qaǵıydalardan dóretiwshilik izlenislerge, yaǵnıy óziniń individual kórkem usılın (stilin) anıqlawǵa qádem qoyatuǵın áhmiyetli basqıshı esaplanadı.

Dáslepki kursta studentler kóbinese obyektlerdiń dál ózin, lokal reńin hám anatomiyalıq formasınıń akademiyalıq sawatxanlıǵın úyrense, 2-kurstan baslap reńlerdiń psixologiyalıq, kolorit sheshimlerge hám dóretpede kórkemlik ideyanı reń arqalı ashıwǵa úyretedi. Student óz dóretpelerinde qaysı reń dizbegin (gamma) tańlawı, ıssı hám suwıq reńlerdiń qatnasın qalay qollanıwı - onıń keleshektegi individual kórkem usılınıń tiykarın quraydı. Sonıń ushın da, reń psixologiyasın tereń túsiniw hám onı studentler dóretiwshiliginde individual kórkem usılın qáliplestiriwge baǵdarlaw zamanagóy kórkem bilim beriw pedagogikasınıń áhmiyetli mashqalalarınan biri bolıp tabıladı.

Reńniń adam psixologiyasına tásiri hám kórkemlik ortalıqtaǵı ornı dástúriy túrde I.V. Gyote, İ. Itten, sonday - aq psixolog L. Lusher tárepinen teoriyalıq jaqtan dálillengen. Kórkem - óner pedagogikası tarawında bolsa P.P. Chistyakov hám belsendi jergilikli kórkem - óner mektebiniń wálilleri studentlerde ulıwmalıqtı kóriw hám jeke kórkemlik stil qáliplesiwinde reń tanlawdıń professional sırların úyretip kelmekte. Bul izertlewdıń ámeliy tiykarın sistemalı baqlaw, kórkem - psixologikalıq tahlil hám studentlerdiń dóretiwshilik eskizlerin modellew metodları quraydı. Eksperiment sıpatında Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti “Reńlisúwret hám ámeliy kórkem óner” kafedrası Reńli súwret (dáskekli) qániygeligi 2-kurs studentleriniń sabaqlıq hám dóretiwshilik temalardaǵı reńli súwret jumısları, olardıń palitradaǵı reń tańlaw belsendiligi tahlil etildi.

Reńli súwrette barlıq reńler adam nerv sistemasın qozǵaltıw, tınıshlandırıw yamasa tásir etiw qásiyetine iye. Biz sabaqlar dawamında reńlerdi tómendegi psixologiyalıq xarakterler boyınsha ajratamız:

- Qızıl reń: Dinamika, aktivlik hám kúsh simvolı. Ol adam baqlawshısında belsendilikti oyatadı. Student jumıslarında dynamic oraydı kórsetiw ushın belsendi qollanıladı.
- Kók reń: Tınıshlıq, keńislik, intellekt hám passivlik tásiri. Baqlawshını tereń oylanıwǵa jollaydı hám súwrette turaqlılıqtı, uzaqlıqtı (hawa perspektivasın) bildiredi.
- Sarı reń: Nur, quwanısh hám optimizm tásiri. Sabaqlarda jaqtılıqti kórsetiwde tiykarlı orın tutadı.
- Jasıl reń: Tábiyiy teń salmaqlılıq, tınıshlıq hám tútaslıq keltiredi.

2-kurs studentleri usı reńlerdiń tek predmetlik formaların sızıp qoymay, bálki olardıń psixologiyalıq kónlikpelerin de esapqa alıwı shart. Mısalı, eger student dramatik baǵdardaǵı kompoziciya islep atırǵan bolsa, qanıq hám kontrastlı reńler dizbegin, al lirikalıq temada islep atırǵan bolsa, jumsartılǵan, neytral kúl reń hám gúńgirt reńlerdi tańlaydı.

2-kurstıń studentlerde óz jollın (stilin) tabıw procesi bir neshe ruwxıy hám ámeliy basqıshlardan ótedi:

1. Akademiyalıq úyreniw dáwiri: Student dáslep naturanıń (predmettiń) dál ózindegi reńlerdi ashıwǵa háreket etedi. Bul basqısh sawatxanlıq ushın zárúr, biraq bul jerde jeke stil kózge taslanbaydı.

2. Reńlik palitranı eksperimentlew: Student ózine jaqın bolǵan uluwma koloritti tańlay baslaydı. Ayırım studentler ashıq, dekorativlik reńlerge (mısalı, qaraqalpaq milliy kiyiz hám gilemleriniń koloriti sıyaqlı qızıl – qızǵılt kók reńlerge) beyim bolıwı múmkin, basqaları bolsa impressionistlik baǵdardaǵı dynamic túslerdi sınaqtan ótkeredi.

3. Individual usıl: Reń psixologiyasın durıs ózlestirgen student óziniń kórkemlik ideyasın jetkeriw ushın reńlerdi maqsetli túrde deformaciya qıla aladı (yaǵnıy ideyanı ashıw ushın reńdi kúshlendirwi yamasa tınıshlandırıwı múmkin). Bul bolsa jeke usıldıń qálipleskeninen dárek beredi.

Studentlerde jeke kórkem usıldı sap hám durıs qáliplestiriw ushın pedagog tárepinen tómendegi metodikalıq qádemlerdi ámeliyatqa engiziw usınaladı:

A) "Emociyalıq reń" shınıǵıwlar metodı: Studentlerge bir keneptiń ózinde bir natyurmorttı eki qıylı emociyalıq halatta sızıw tapsırıladı. Birinshi tapsırma - "Quwanıshlı natyurmort" (bunda belsendi, jıllı, nurǵa tolı reńler dizbegi tańlanadı), ekinshi tapsırma - "Muńlı natyurmort" (bunda gúńgirt, suwıq, kúlreń - kókshil reńler qollanıladı).

Pedagogikalıq nátiyje: Student predmettiń reńi tek srtqı faktor emes, bálki avtorlıq sezimdi kórsetiwshi qural ekenin ámeliyatta sezedi.

B) Reńler iyerarxiyasın sheshiw basqıshları: Individual usıl qáliplesip atırǵanda studentler kópshilik reńlerdi birdey belsendilikte qollanıp, jumıstı qáte islep qoyıwı múmkin. Bunıń aldın alıw ushın tómendegi izbe - izlik talap etiledi:

1. Tiykarǵı reńdi tańlaw: Student jumıstı baslamastan aldın ulıwma kolorittiń 70% maydanın iyeleytuǵın tiykarǵı bir túske (mısalı, jıllı - sargısh yamasa suwıq - kókshil) qarar qabıl etiwi shart.

2. Qosımsha reńlerdi kiritiw: Tiykarǵı reńge qarama - karısı bolǵan qosımsha reńler tek kompoziciyalıq oraydı (akcentti) kórsetiw ushın ǵana kishi muǵdarda qollanıladı.

3. Monoxrom etyudlardan kóp reńlilikke ótiw: Student dáslep grizayl (bir reńli) yamasa 2 - 3 reń shegarasında óziniń kompoziciyalıq kórkem usılların sınaqtan ótkerip, soń quramalı koloristikalıq sistemalardı ózlestiredi.

**JUMAQLAW**

Reńli súwret sabaqlarında reń psixologiyasınıń nızamların tereń túsiniw - 2-kurs studentleriniń tek ǵana súwretlew sawatxanlıǵın arttırıp qoymay, bálki olardıń dástúriy sxemalardan shıǵıp, óz jollın (individual kórkem usılın) tabıwında baslı faktor bolıp xızmet etedi.

Student dóretiwshiliginde reńlerdi adam psixologiyasına tásir etiwshi kórkem - emociyonal qural sıpatında erkin qollana baslawı - onıń professional xudojnik dárejesine ótip atırǵanlıǵın kórsetedi.

Joqarı pedagogikalıq oqıw orınlarında sabaqlardı dál usınday ruwxıy - estetikalıq hám metodikalıq birlikte shólkemlestiriw keleshekte kórkem sawatlı hám óziniń jeke metodikasına iye bolǵan qániygelerdi tayarlawda úlken áhmiyetke iye.

**ÁDEBIYATLAR DIZIMI**

1. Itten I. Iskusstvo cveta. – M.: Dmitriy Aronov, 2011.

2. Gyote I.V. K ucheniyu o cvete (Xrestomatiya). – SPb.: Lenizdat, 2013.
3. Joqarı oqıw orınları ushın Reńtanıw hám kompoziciya tiykarları darslikleri hám pedagogikalıq metodika qollanbaları.
4. Kórkem-óner bağdarı studentleriniń dóretiwshilik qábiliyetlerin rawajlandırıw boyınsha respublikalıq ilimiy-ámeily konferensiya materialları.